



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE DÒZ COVID-19 SIPLEMANTÈ POU NOUYÒKÈ KI KALIFYE YO

Eta New York andose rekòmandasyon CDC yo pou asire ke Nouyòkè ki nan risk yo kapab rete pwoteje kont viris la pou pi lontan

Lanse yon plan aplikasyon ak sansibilizasyon solid pou asire disponiblite ak aksesibilite dòz siplemantè yo nan tout eta a, ki gen ladan yon nouvo sit entènèt ki dedye ak dòz siplemantè a - [NY.gov/Boosters](https://www.ny.gov/boosters)

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou rete ajou ak tout vaksen yo rekòmande yo pou otòn sa a - Ki gen ladan tout dòz vaksen COVID-19 yo rekòmande yo ak vaksen grip sezonye a.

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon aplikasyon solid nan dòz siplemantè nan pwogram vaksinasyon COVID-19 Eta a, nan asire yon distribisyon dòz siplemantè ki efisyan, ekitab, ak efikas bay Nouyòkè ki kalifye yo nan tout eta a.

"Pi gwo priyorite nou se kontinye pean devan viris sa a ki toujou ap chanje a epi pwoteje Nouyòkè yo avèk vaksen efikas, ki dire lontan", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Kòm nou te tande ekspè medikal ak sante federal ak Eta nou yo, menm jan ak anpil lòt vaksen, pwoteksyon ki soti nan vaksen Covid-19 la ka degrade gradyèlman. Yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la pral ede espesyalman Nouyòkè ki nan risk yo rete pwoteje kont viris la pou pi lontan. Pandan konsantrasyon sou efò vaksinasyon nou an rete asire ke tout Nouyòkè ki pa ko vaksine pran vaksen an, moun ki kalifye pou vaksen siplemantè yo pa ta dwe pèdi tan pou resevwa maksimòm pwoteksyon kont COVID-19 la pi vit jan sa posib."

Nan yon lèt li voye bay Komisè Sante a, Gwoup Travay Konsiltatif Klinik (Clinical Advisory Task Force) Eta New York la te andose Deklarasyon CDC te pibliye vandredi 24 septanm lan pa Direktè Walensky - ki bay New York yon nouvo ogmantasyon nan batay kont COVID-19 la. An akò ak rekòmandasyon CDC yo, gen kat gwoup Nouyòkè ki kalifye kounye a pou dòz Covid-19 siplemantè yo:

Nouyòkè ki te resevwa vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la **TA DWE** resevwa dòz siplemantè pa yo omwen sis mwa apre seri vaksen prensipal pa yo SI:

- Yo gen 65 ane ak pi gran oswa rezidan nan anviwònman swen alontèm.
- Yo gen 50 - 64 ane ak kondisyon medikal ki cache.

- Nouyòkè ki te resevwa vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la **KA** resevwa dòz siplemantè COVID-19 pa yo omwen sis mwa apre seri vaksen prensipal pa yo SI:
 - Yo GEN 18-49 ane ak kondisyon medikal ki kache, baze sou avantaj endividyèl ak risk ou.
 - Yo gen 18 - 64 ane epi yo nan risk ogmante pou ekspozisyon ak transmisyon ak COVID-19 akòz anviwònman okipasyonèl oswa enstitisyonèl ou, baze sou avantaj endividyèl ak risk ou.

Nan moman sa a, moun yo dwe te resevwa vaksen Pfizer-BioNTech la pou seri premye vaksen yo omwen sis mwa pase pou yo kalifye. Moun ki te resevwa vaksen Moderna oswa Janssen/Johnson & Johnson (J&J) yo pa kalifye kounye a pou yon dòz siplemantè nan moman sa a, men petèt alavni.

"Vaksen COVID-19 yo kontinye rete efikas yon fason remakab nan anpeche ka moun ki entène lopital ki grav", **Komisyonè Sante Dèt Howard Zucker te deklare.** "Apre nou revize done ki sòti nan Eta New York, toupatou nan Etazini ak atravè mond lan, ekspè sante federal ak Eta nou yo ki gen ladan Komite Konsiltatif Klinik Eta New York la dakò: Nouyòkè ki plis vilnerab yo ka kenbe pwoteksyon yo wo lè yo pran yon dòz siplemantè omwen sis mwa apre yo fin konplete premye seri vaksen Pfizer-BioNTech yo. Nouyòkè ki kalifye yo ta dwe resevwa dòz siplemantè yo oswa konsilte founisè swen sante prensipal yo si yo gen kesyon. Gen anpil vaksen ki egzije plis pase youn oubyen de dòz pou pwoteksyon ki dire lontan, tankou vaksen tetanòs la, lawoujòl-saranpyon, ak Epatit A ak B."

Eta a ap planifikasyon aktivman devlopman dòz siplemantè, epi akòz preparasyon sa a, dòz siplemantè gratis yo deja lajman disponib nan tout eta a nan sit vaksinasyon an mas ke eta òganize yo, famasi yo, depatman sante lokal yo, klinik yo, Sant Sante ki Federal Kalifye yo, ak lòt kote nan Eta New York.

Kòm yon pati nan efò sa yo, eta a te lanse yon [nouvo sit entènèt](#) ak enfòmasyon ki dedye ak dòz siplemantè yo, dòz adisyonèl yo, kalifikasyon, kesyon moun poze souvan, epi resous pou founisè yo ki sou teren an pou sipòte nan difizyon enfòmasyon bay popilasyon ki kalifye yo. Eta a pral sipòte sansibilizasyon pou tout Nouyòkè ki kalifye yo, ki gen ladan atravè mesaj ki baze sou imel ak SMS, efò tradisyonèl ak maketin dijital, ak notifikasyon lokal bay Nouyòkè ki konplètman vaksine yo atravè platfòm Kat Excelsior (Excelsior Pass) Eta a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul [te anonse](#) dènyèman 65 milyon dola nan finansman depatman sante konte yo pou bati enfrastrukt ki nesèsè pou sipòte distribisyon rapid ak fyab dòz siplemantè yo. Gouvènè a [te otorize](#) EMT yo tou pou administre vaksen COVID-19 la, sa ki imedyatman ajoute plis pase 2,000 vaksinatè ki konplètman resevwa fòmasyon nan pwogram Eta a. Yon lòt 50,000 EMT debaz pral kapab resevwa fòmasyon ki nesèsè nan mezi pou ede administre vaksen COVID-19 la ak dòz siplemantè a.

Eta a raple Nouyòkè yo tou pou resevwa tout vaksen sezonye yo pandan moman sa a - ki gen ladan vaksen kont grip yo. Ou ka resevwa vaksen COVID-19 la ak/oswa yon dòz siplemantè vaksen COVID-19 la nan menm moman ak vaksen kont grip sezonye a, tankou nan kèk biwo founisè swen sante prensipal ansanm ak kèk klinik depatman sante konte lokal yo ak famasi yo.

Nan moman sa a, se sèlman Nouyòkè ki kalifye yo ki ta dwe resevwa dòz siplemantè COVID-19 yo. Eta New York pral kontinye swiv lasyans ak kominike ouvètman ak Nouyòkè yo pandan done adisyonèl yo vin disponib.

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou pran vaksen siplemantè yo. Pou pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, Nouyòkè yo ka vizite [paj Èske M Elijib \(Am I Eligible\) la](#) oswa rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, oswa doktè yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib. Nouyòkè yo ka vizite [vaccines.gov](#), tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn kote ki tou pre yo. Nouyòkè yo ta dwe asire w ke founisè ki tou pre yo administre dòz siplemantè yo lè y ap pran randevou yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)